*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№27 (60547) * 2020 с. * 31 июль * 10 зул-хIиджа * 1441 с. * рузман *

*цIиял харбал*

## ХIАЛТIАБИ РАГIАЛДЕ РАХЪИНАРУНА

**Республикаялъул бетIер В. Васильевасул жигаралдалъун хIалтIизе лъугьараб «Дир Дагъистан – дир нухал» миллияб проекталда рекъон нилъер районалъул росабалъ унел ругел нухал къачIаялъул хIалтIабазул хIакъалъулъ районалъул «Церехун» газеталда мухIканго хъван букIана. Гьал къоязда баянлъана букIине кколеб качествоялда ва цIараб болжалалда рекъон Хьаргаби ва КIикIуниб росулъ гьарулел нухал къачIаялъул хIалтIаби рагIалде рахъинарунилан.**







Хьаргаби росулъ къачIазе хIисабалде босун букIана «Асалъарахъ» авалалда бугеб Сайгид – МухIамад Абубакаровасул цIаралда бугеб къватI. Гьенир хIалтIаби гьаризе кколаан ООО «ГУЛАДА» гIуцIиялъ, нухмалъулев М. ТIагьиров. ТIабигIияб рахъалъ данде кколарел шартIал рукIаниги, росдал гIадамазул кумекалдалъун нухал къачIаялъул хIалтIаби цIараб болжалалдаса хехго рагIалде рахъинаризе бажарана. Росдал гIадамаз ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго нухал къачIаялъул хIалтIабазда гьоркьоб гIахьаллъи гьабурал киназего.

КIикIуниб росулъ аслияб къватI къачIазе хIалтIаби гьарулел рукIана ХI. ХIамзатовас нухмалъи гьабулеб ООО «ЖКХ» гIуцIиялъ. Цо моцIрол болжалалда жаниб 1500 ялдаса цIикIкIун квадратияб метра халалъиялда бугеб нух бетон тIун къачIазе хIисабалде босун букIана. Рехсолеб гIуцIиялъул хIалтIухъабаз болжал тIаде щвезегIанго хIалтIаби рагIалде рахъинаруна.

Росдал гIадамал цIакъ разиго руго гьарурал хIалтIабаздаса ва гьел хIалтIабазул гIахьаллъи гьабуразе баркала кьолеб буго.

**Суратазда:**
Нухал къачIан хадуб.

## ЯСЛИ - АХАЛДА ХIАЛТIАБИ

**МагIлиб росулъ бугеб «Теремок» ясли – ахалъул мина проекталда рекъон гьабун гьечIолъиялъ ясли – ахалъул хIалтIухъабазе, лъималазе ва гьезул умумузе кIудияб татубахъи букIана цо группаялдаса цогиялде ине. Гьелъие гIоло тIад хьиталги ретIун рахъине кколаан къватIире.**

Коронавирусалъул инфекция багъариялда рекъон лъураб карантинги, ясли – ахалда лъимал гьечIеб заман букIинги хIисабалде босун гьениб ясли – ахалъул минаялда гьабуна халатаб коридор. Гьелъ рес кьезе буго къватIире рахъинчIого лъимал кваназе рачине, хIаял тIоритIулел рукъзабахъе рачине.

Киналго хIалтIаби ясли – ахалде лъимал рачинегIан лъугIизарун руго. РакIалде ккола гьел гьарурал хIалтIабазе къимат умумуз ва лъималаз кьелилан.

Суратазда: Ясли – ахалда хIалтIаби





*Мух1амад Ярагъи гьавуралдаса - 250 сон*




# МухIамад Ярагъиясул аманатал:

- Щивав чи божизе ккола сунда вукIананиги цо жоялда, дунялалда жинда бищунго лъикIаблъун бихьаралда.

- Нилъер умумузул божилъиялъул тIоцебесеб аманатлъун ва кидаго нилъер хирияб лъикIлъилъун букIана эркенлъи. Нужер тIоцебесеб анищлъунги букIине ккола эркенлъи, ахирисеблъун диналда божулареѕдехун рокьукълъи.

**- Щив бусурбанчи ватаниги, гьев вукIине ккола эркенав чилъун ва киналго бусурбабазда гьоркьобги букIине ккола ращалъи.**

- Рилълъа ва эркен гьаре нужерго, махх баралгIадин чIезарурал ракIал лагълъи гьабиялдаса:

- Зулмуялда гъоркь ругез жалго эркен гьаризе ккола, эркенлъиялда ругезцин абуни – лагълъи рикIкIада чIезабизе ккола.

- Диналда божилъиялъ чи къуватавлъун гьавула, божилъи гьечIолъиялъ хIинкъаравлъун гьавула.

- Кьеркье ва нуж рукIине руго эркеналлъун. Лъай: лагъзабазул какал рагIизе гьечIеблъи.

- Нилъеда тIад лъил букIаниги зулму бугебгIан заманалда, биччанте гьеб букIине бокьани диналда божулезул, бокьани божуларезул, нилъер киналго ишалги пикрабиги рукIине руго къабихIал, сурукъал.

- Бусурбанчи вукIине бегьуларо лъилниги лагълъун ва гьес лъиениги магъалаби кьезе кколаро, хIатта динцоясецин.

- ХIакъикъияв бусурбанчилъун вукIине бокьарав ккола дир гIелмуялда хадув вилълъунев, чIухIа – къулиги нахъе рехун, сардал – къоял как -диналда тIамулев чи.

- ХIадурго рукIа кьалул сагIат тIаде бачIараб мехалда бахIарчилъи бихьизабизе.

- Гьарулесе кумекги гьабе, мунагь гьабиялдаса ракI бухIарасдаса тIасаги лъугьа.

- Къарумлъиялдаса рухI цIуне, - гьелъ дуда загьруяб хечги къазабула.

- Абун буго: тIоцебесеб иргаялда хвасарлъе гъалбацIалдаса.

Гьеб ккола инсан бутIа – бутIа кескал гьарун къотIун валеб, бищун макруяб тушман. ГъалбацI: гьеб ккола дурго къарумаб ракI, церин абуни – гьеб ккола мун мекъи ккезавулеб илбис. Мун гьезда аскIов цIодорго вукIине, ккола, тIоцебесеб иргаялда - гъалбацIалдаса.

-Гьаниб – эркенлъи, гъоба алжан. ТIаса бищун гьабизе ккола.

Щай нуж гIедегIичIого чIолел?!

- Кьеркье ритIухълъи гьечIолъиялде данде ва нужгоги ритIухъаллъун рукIа.

- Диналъе гIоло берал къанщарал хвараллъун рикIкIунге, гьел бищунго чIагояллъун ккола.

# Наслуялъул лъалкIал

**МухIамад Ярагъияв ккола ИсмагIилил вас. Гьев гьавун вуго 1770 соналда. МухIамадил вукIун вуго ГIабдулгъани абулев вац. Лъалеб буго гьесул нахъеги лъабго вацги яцги рукIин. Амма гьезул хIакъалъулъ киналгIаги баянал гьечIо.**



**Мечеть в селении Вини-Яраг Магарамкентского района, где родился, рос и учился шейх Магомед Ярагский.**

Лъалеб буго шайихасул наслуялъул лъалкIал гIемерал рукIинги. Масала, гьел лъалкIазул хал гьабулаго дандчIвала машгьурал гIадамал: Бакуялъул миллионер ТIагъиевасул, лезгиязул тIоцевесев генерал-лейтенант Араблинскиясул, франг мацI лъаялъул рахъалъ цIар рагIарав генерал-лейтенант ХIасанбек Уцмиевасул, Уллуби Буйнакскиясул кIудияв инсулги эмен полковник Шах- Валил цIарал.

Лезгистаналда шайих МухIамад Ярагъиясул наслуялъулаллъун рикIкIуна гIемерал машгьурал тухумал, цIарал. Масала, гьел ккола Курах районалъул Штул росулъа Эфендиевал, Къасумкент росулъа ГIабдуразакъовал, Султановал, Мейлановал, Селимовал, Умур росулъа Шайдаевал, Ащаг Сталалдаса Эфендиевал, МухIамад-апандил наслуялъул гьотIол гIаркьелазул тIанхал руго Хив, С. Стальский ва цогидал районаздаги. Аслияб къагIидаялъ гьел руго М. Ярагъиясул ясалъул вас ХIасан Алкъадариясдасан лъугьарал наслабазул цIарал.

ХIафисатиеги ГIабдулагь апанди Алкъадериясеги гьаруна васал: ХIасан, ХIосен, рукIана нахъеги лъимал. Гьездасан ХIасание гьавурав вас ГIали лъугьана цIакъго машгьурав чилъун. I929 соналда гьес гIурус мацIалде буссинабуна инсуца хъвараб «Асари Дагъистан» абулеб тIехь. ГIалие немкаялъ гьаруна Готфрид ва Генрих (гьезул бусурбаналги цIарал рукIана) васал. ТIоцевесев вахъана цIар арав композиторлъун. Гьес кьучI лъуна мугIрузул улкаялъул классикияб музыкаялъе. Готфрид мустахIикълъана Пачалихъияб премиялъул лауреат абураб тIадегIанаб цIаралъеги. Генрихин абуни вукIана гуми гьариялъул рахъалъ кутакалда махшелги машгьурлъиги бугев конструктор. Гьесие щун букIана Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи абураб цIар ва Ленинилги пачалихъалъулги премиябиги. Генрих вукIана Совет Союзалъул БахIарчи МухIамад ХIажиевасул кIудияв ва ракIжубарав гьудул.

ХIасан Алкъадариясул цогидав вас ХIусенил вукIана ичIгo васги цо ясги. ХIусенил цо васасда цIар букIана ГIабдулкарим абун. Гьев ккола Лезгиязул гьанжесев машгьурав шагIир Ибрагьим ХIусеновасул эмен. Живго ГIабдулкарим вукIана учитель. Гьевги мустахIикълъана В. И. Ленинил орденалъе.

*тIерхьунарел цIваби*




ХIасанил яс, гьес жиндирго эбелалъул цIар кьурай ХIафисат ригьнаде кьун йикIана Сулеймановазул тухумалде.

Гьеле гьединаб кIудияб ва халкъалда гьоркьоб машгьураб наслу нахъе тана МухIамад Ярагъияс.

# «Босе нахъе ва бикье нужедаго гьоркьоб»

**Немцазул хъвадарухъан Ф. Боденштедтил «Кавказалъул халкъал ва эркенлъиялъе гIоло гьезул рагъал» тIехьалдаса.**

Мулла МухIамадица жиндирго ругел киналго ресаздаса пайда босулеб букIана ракьцоял жиндего гIагар гьариялъе, жиндирго къасдал тIуразариялъулъ гьел гIахьал гьаризе. Гьеб мурадалда гара – чIвариял гьаризеги пикраби дандразеги гьес гIадамал ахIулаан къадги къасиги гьоболлъухъе, гIуцIулаан гьезие кванил нигIматазул тепсиялги. Гьедин гьабиялъ хIасилалги кьолаан, Кьойидаса - кьойиде цIикIкIунел рукIана гьесда божулелги, гьесул нухдасан ине хIадуралги.

Цо нухалда жиндир минаялда цере ракIарарал гIемерал гIадамаздехун хитIаб гьабун кIалъалаго гьес абуна: «Дун цIакъго мунагьазукь вуго Аллагьасдаги гьесул аварагасул МухIамадидаги цеве. ГьанжелъизегIан бичIчIичIо Аллагьасул амруги МухIамадил аманатги. Хирияв Аллагьасул хIалкIвеялдалъун гьале гьанже рагьана дир берал ва ахирги бихьулеб буго, дидаго аскIосан, жибго алмаз гIадин кенчIолеб, тарихияб ритIухълъи паркъун унеб букIин. Цереккун гьарурал ишал жакъа дида тIад регун руго мунагьазул гьир гIадин. Дица кванана нужер ахикьа пихъ. Дун бечелъана нужер лъикIлъиялъул хIисабалдасан, динияв чияс анцIил бутIацин босизе бегьуларо. Дица гьел васиятал тIуразаричIо ва гьанже мунагьазул цIун вугилан намусалъ кIвекIулев вуго. Дие бокьун буго дирго гIайиб битIизабизе, Аллагьасда ва нужеда тIаса лъугьаян гьаризе ва кинабго босанщинаб нужехъе тIад буссинабизе. Босе нахъе ва бикье нужедаго гьоркьоб!»

ГIадамал кIвар кьун гIенеккана Мулла-МухIамадихъ, амма киназго цолъун лъазабуна: Мулла-МухIамадица цIунизе буго жиндирго рукъги, буголъиги ва гьелде квер бегьизе тавакал лъурасе кьварараб тамихIги гьабизе бугилан.

Хадубги Мулла – МухIамадица абуна: «Дида гьалдаса лъикIаб заман батичIо нужеда нилъер аварагасул законазул хиралъиялъулги хIакъикъаталъулги бицине, бичIчIизабизе. Нилъеца гьабсагIаталда гIумру гьабулеб буго я бусурбаби, я капурзаби яги хъанчазе лагълъи гьабулелилан абизе бегьулареб къагIидаялъ. Инсан божизе ккола сунда вукIаниги цо жоялда, ракьалда тIад жиндаго берцин бихьараб бищунго лъикIалда. Гьебин абуни ккола нилъер умумул божулел рукIараб жо. Гьеб божилъиялъул тIоцебесеб аманатги тIалабги букIана эркенлъи. Цониги бусурбанчи вукIине бегьуларо чияр лагълъун, гьесда цеве таравлъун, хасго гьес лагьлъиялъулаб гIумру гьабизе бегьуларо цогидаб халкъалда цадахъ. Нилъеца тIолабго къуват кьезе ккола нилъерго дин щула гьабиялъе».

*Адабияталъул гьумер*

***ЖабрагIил ХIасанов***

## Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб

Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,
ГIурччинаб ихилан дур хиял ккараб,
ГIадамасул гьумер гьимараб мехалъ –
Цо хIилла батилин хIинкъизе ккараб.

Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,
МагIица лъалъараб, лъеца чурараб,
ЛъикIалщинал чагIи къанабакь лъураб,
КъабихIабщинаб жо ракьалда тараб.

Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,
ГIузраби гIемераб, гIиллаби дагьаб,
ЛъикIлъи гьабурасе нагIана кьолеб,
НагIана батаял тахида толеб.

Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,
ГIуруца жиб аяб, дир ракI унтараб,
ЦIвак – цIвакун зобалахъ цIвабиги ругеб,
ЦIар ахIун ватизе гIаданги гьечIеб.

## Эбел

Дуда эбелалъул берал рихьичIищ,
Балагьун гIорцIичIел гIумруялъго духъ?
Дуда эбелалъул кверал рихьанищ,
Кинабго дуе кьун, ракъван тIагIарал?

Дуда эбелалъул гьумер бихьанищ,
ГьитIинлъун тIагIараб дур тIалабаца?
Дуда эбелалъул угьи рагIанищ,
Гьаб дуниял цIураб, цIилал сοролеб?

Дур хIухьелалъ гуреб хIал жиндир хьвачIей,
Дур каламалъ гуреб керен хинлъичIей.
Дудалъун гурони канлъи бихьичIей,
Кинабго дуниял дуй гIоло кьолей.

Мун – гьелъул чохьонив, каранда гIурав,
Мун – гьелъул мугъалда мегъал свераравъ,
Мун – гьаналъул ругIел, гIадан лъвинегIан
Дур кини хьвагIарай гIазизай эбел.

Мун гъолде вагъула лъадуда божун,
Гъолъ хвалил гIазабакь гьавурав гIадан,
КIалъала... мун гъолъул ургьиса гурев,
Лъова зобалахъа рештIарав гIадин.

Мун гьелъухъе щола гьобол киниги,
Мун – гьелдаса тIураб гьаналъул бутIа.
Бицуна дуцаго кьураб жоялъул,
Дуниял кьуралда, гIумру кьуралда.

Мун кванараб мехалъ гIорцIулей эбел,
Дудаса дур ургъел батулей эбел.
Мун квачараб мехалъ гIунулей эбел,
ГIузраби дур рихьун, херлъулей эбел.

Эбелилан абун Аллагьас йижун,
Ракьалде биччараб бичасул хIикмат,
Мун вихьараб мехалъ кIудияй гIолей,
Дуца тараб мехалъ гьитIинлъун унеи.

## Мун лъарайго...

Мун лъарайго лъана дида, хирияй,
Хабал щай рухъулел гьаб ракьалдаян.
Лъана хьирул къанал, къадалъан раккун,
Кьваридго гIадамахъ ралагьулеб куц.

Лъана щай, тIухьидул мацIалда гуреб,
КIалъалареб гIумру кочIохъабазда.
Щай танчил кIкIуйдулъан къулулеб дунял
Кьваридго, жиндирго жаназабазде.

ЛъачIо гIицIго щайзе, сонал анагIан,
ЙичIчIулареи дида мун, чIужугIадан.
Дур гьурмада гьими гвангъаралдаса.
Гиранщинал бутIрул гъажабаздаса.

ВукIинчIо Магьдилав, дур гьайбатлъиялъ
Гьавуна ракьалда досул гIаштIи чи.
Огь, мун гурей ани, гьес жиндир кверал
КъотIилаан гьобол чIвалелде цере.

Дида гьеб бичIчIула, лъала, хирияй,
Амма дий гьелдаса гьечIеб бигьалъи,
Щибго мунагь гьечIел гьел дур гIайибаз
ГIаздаде щапарал дир шагIирзаби.

Амма щиб гьабилеб берцинлъиялда
БукIунаро мунагь, кколаро гIайиб.
Дие, шагIирасул шапакъат гIадин,
Кьун буго дуй ракьалъ чIужугIаданлъи.



## Ракьул гIерекъ

Ракьул дагIба балев кIиго вацасда
КIалъан буго хIатIикь цо ракьул гIерекъ,
Ле, гIадамил лъимал, гIодоре риччай,
Дунги нужго гIадав гIадан вукIанин.

Дуниял хирияв, хурзал чIахIияв,
Хабар-кIал гIемерав, гIамал кIудияв,
ГIадамал жиндица хI инкъизарулев,
Залимаб, къуватаб къаркъала бугев.

Ракьул гьурмадаса дун аралдаса,
Сверана ракьалда аза-азар сон.
ТIагIана хабалал хулун цIадаца,
Чурана чваххияз чанги дир рукьби.

Ахир цо залимас хъала балаго,
ХIуралде свераравсокIкIана къадалъ.
ДодигIан чIухIарав, хIарщуеги чIван,
Дица гьаб ракьалда барабщинаб мех.

Ханзаби лъугIана зулму тIагIана,
Залимал хъулбиги хIурде руссана.
Пакъирав ятимас, сардал-къояца,
Сверун къедги гьабун, гьабуна дир хур...

ГIорцIараз, ракъараз иргаби гьарун,
Кьуна дун цоцахъе дагIбадилаго.
АнцI-анцI гIасрабаца нус-нус батIияб,
Сипатазде вуссун дун свакан вуго.

Букъуге ле, гIадан, гIададисеб зар,
Гьеб букъарал чагIи бергьинчIин жеги.
Лъугьунге хуриве вагъизе инсан,
Рагъарал умумул угьданин хадур

Квер чIвалеб ракьалъухъ ракьулъ чи лъурав,
Харил квацIиялъухъ ханжар бахъарав.
ЧIухIарав дун вуго гьаб ракьул гIерекъ,
Риччай нуж гIодоре гIадамил лъимал.

## ТIаде рахъа, умумул,

ТIаде рахъа, умумул,
АхIи балел руго ниж,
ЧIагояз тIубаларел
ТIалабал гIемер ругин.

Иман гьечIеб халкъ бугин,
Хабар гьечIеб гIел бугин,
ГIабдалас хадуб бачун
Халкъ кьурса унеб бугин.

ЛъикIал чагIи чIван ругин,
ЧIандачагIи тун ругин,
Тураб жо бацIцIун чIолел
БахIарзал гIадин ругин.

БахIарчилъи ссун бугин,
Саяхълъи бергьун бугин,
Аллагьилан ахIулев
АхIмакъилан тун вугин.

Рехун тун улбул ругин,
Умумул кIочон ругин,
Мажгитазда багъулеб
Мегеж тараб халкъ бугин.

Бидулъ хиянат бугин,
Харбилъ чороклъи бугин,
МагIарул миллаталъухъ
МагIу тIолеб хIал бугин.

Холезул ургъел гьечIин,
Хваразул адаб гьечIин,
Ханлъи бокьарал ругин,
ТIаде рахъа, умумул.

ХIатIикье бан чед бугин,
Чурулъе бан квен бугин,
Кагътал хIалеб халкъ бугин,
ТIаде рахъа, умумул.

ЛъикIалъе ратизеги,
Квешалде семизеги,
ГIадамал тIагIун ругин,
ТIаде рахъа, умумул.

ТIаде рахъа, умумул,
Бахъараб хвалчен гIадал,
Хиялалъи хIехьечIел,
ХIалихьалъи баччичIел.

ТIаде рахъа, умумул,
ГIаданлъиялъ цIураб халкъ,
ГIарцухъ жал ричуларел,
Бечелъиялъ чIваларел.

ТIаде рахъа, умумул,
АхIиялъе лебалал,
Гьаб ракьалде рачIарал,
Ракьулъе тIоритIарал.

Къолден хурал чурхдулгун,
Къоно барал чахьалгун,
Къо гIемераб хIехьеялъ,
ХIал бергьарал гьурмалгун.

Тушманасул боялда
Бадиб къараб магI гIадал,
ТIаде рахъа, умумул,
Иманалъул цIураб халкъ.

Надир-шагь щущахъ варал,
Шамил имам куцарал,
БахIарчилъи гIемерал,
ГIадлу-низам кьварарал.

Борхатаб къадруялъул,
Къуватаб лагаялъул.
ТIаде рахъа, умумул,
АхIулгохIда регарал.

АхIулеб Лаилагун
ЦIадулъе тIерхьун арал;
Даргъоб, Гъуниб, Веденоб
Рохьабазда хутIарал.

Сибиралъул ракьалда
Рукьби жидер щущарал.
Нуж, ВатIан тун къокъарал,
Къанабакье тIерхьарал.

Чияр зодил хъахIиллъи
ХъахIберазулъ сун арал,
Нуж хIежалде унаго
Салулъе ккун тIагIарал.

ТIад руссине лъачIого
Сапаразда хутIарал.
ТIаде рахъа, умумул,
АхIи буго нужеде,

ГIорцIидал гIадамасе
Лъугьунеб жо бихьизе.

## РАЗЪЯСНЕНИЕ ОТДЕЛЬНЫХ ПОЛОЖЕНИЙ УК РФ В СФЕРЕ ПРОТИВОДЕЙСТВИЯ ЭКСТРЕМИЗМУ

ОМВД России по Гергебильскому району разъясняет:

За совершение преступлений экстремисткой направленности предусмотрена уголовная ответственность в соответствии со статьями 136, 148, 149,212, 239, 278 - 280, 282 - 2822, 357 УК РФ, а также статьи 105, 111, 112, 115 - 117, 119, 141 - 1421, 150, 213, 214, 243, 244, 281, 335, 336 УК РФ, если они совершены по мотивам политической, идеологической, расовой, национальной и религиозной ненависти или вражды либо по мотивам ненависти или вражды в отношении какой-либо социальной группы

Так, за совершение преступлений экстремистской направленности предусмотрена уголовная ответственность по статье 280 УК РФ - публичные призывы к осуществлению экстремистской деятельности.

За совершение данного преступления предусмотрено наказание в виде штрафа в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период от одного года до двух лет, либо принудительными работами на срок до трех лет, либо арестом на срок от четырех до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до четырех лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на тот же срок.

*Лъалищ нужеда?*

# Рахь - нигIматазул хан

**Рахь ккола Аллагьас нилъее кьураб нигIматазул хан. Гьелъул хIакъалъулъ КъурагIаналда, хIадисазда гIемер бицунеб буго, алжаналъул агьлуялъул гьекъолеб жо рахь, гьоцIо ва гьел гурел нигIматал ругилан хъван буго. ХIадисазда рехсон буго аварагас (с.гI.т.в.) кванан хадуб абулаанин: Аллагь. Дуца нижей рикъзиялда баракат лъе ва гьелдаса нижеегги лъикIаб кье, - ян.**



Рахь бачIараб мехалъ Аварагас абулаан: «Аллагь, Дуца нижее гьелъул баракат лъе ва гьеб нижее жеги цIикIкIинабе, рахьдадаса кванилъ ва гьекъолеб жоялъулъ камилаб тIагIам дида лъаларо», - ян. (Бухари, Муслим).

- Бищунго лъикIаб рахьлъун рикIкIуна, гьеб сагIаталъ бечIчIараб, хинго бугеб.

- ХIайван кьинлъун тIоцебесеб кIикього кьоялъ бечIчIараб рахь пайдаяб буго.

- ЛъикIаб рахьдадаса берцинаб махI букIуна. Кинаб гIалахалда, щиб хер кванан батаниги, гьелда рекъараб букIуна рахьдал тIагIам. ГIолохъанаб хIайваназул рахь лъикIаб буго, хераб боцIиялъулалдаса.

**- ГьоцIогун цадахъ рахь гьекъани,** гьелъ кванирукъ чороклъиялдаса бацIцIад гьабула. Чакаргун жубан рахь гьурмада бахани, гьелъ гьурмадул кьер берцин гьабула, хьахIлъизе гьабула.

**- Гьуърул унтаразе, туберкулез бугезе цIедул рахь лъикIаб буго.** Рахь гьекъун хадуб кIал лъеца хулизе лъикIаб буго, гьеб цабзазе ва дабазе лъикIаб гьечIолъиялда бан. ЦIакъго гIемераб рахь гьекъолеб бугони, гьелъ берзул канлъиялъе, ургьисалабазе, кванирукъалъе, бакьазе зарал кьезе бегьула. Гьеб зарал нахъ чIвала гьоцIогун занжабилгун жубан рахь гьекъани. ЦIекIаб рахь кванирукъ унтарасе, чорхолъ цIа-кан, чорхол бухIи, температура цIикIкIарасе захIматаб буго.

## ГIиял рахь.

ГIиязул рахьдалъ, цIедул рахьдадаса нах гIемераб буго. Гьеб гIемераб гьекъани,гьелъ чорхолъ слизь цIикIкIинабула, гьурмаде хьахIал тIанкIал раздарула. ГьединлъидалгIьелде гьорлъе дагьабго лъим жубазе лъикIаб буго.

## ЦIел рахь.

ЦIел рахьалъул пайда лъалаан азар-азар сонazда цебеги ва жакъасеб кьоялъги. Гьелъул рахь хIеренаб, пайдаяб буго.

Иммунитет борхизабула, кванирукъалъул хIалтIи лъикIлъизабула. Гьеб лъикIаб буго гьекъезе кьезе лъималазе ва сонazда ругезеги.

Эбелалъул каранда лъимаде кьезе рахь гьечIони, гьеб хисун цIедул рахь кьезе бегьулилан хъвалеб буго, гьелъулги, эбелазул каранда рахьалъулги состав релъараб букIун.

ЦIедул рахь даруяб бугин, бегьуларо гьеб гIемераб гьекъезе, букIине ккола норма. Гьелъ бачIинабизе бегьула чехьбакьалъул кьагIида гьечIолъи, аллергия, черхалда тIаде жо бай ва цогидабги.

ЦIедул рахь лъикIаб буго керен унтаразе, кIалдир ругънал ругезе, чорхолъа гьури инабизеги.

## ГIакдал рахь.

ГIакдал рахь бищунго пайда бугеб буго. Аварагас (с.гI.т.в.) абуна, - Нужеца гIакдал рахь гьекъе, гьелъ батIи-батIиял даруял хурдул кваналелъун. Гьелъ къуват бачIинабула. Нилъехъ гьечIониги абула кьинлъараб варанидул рахь гьекъезе лъикIаб бугилан. Гьеб варанидул кIващгун цадахъ гьекъанани вабаъ унтудаса цIунулилан, гьуърузда лъим кквей инабула абун.



## Лавралъул тIамах

**Лавралъул тIанхида гъорлъ руго гIемер батIи-батIиял микроэлементал. Гьелъ черх бацIцIад гьабула чороклъиялдаса, заралиял жалаздаса. Лавралъ квербакъула ревматоидалъулаб артрит ва диабет сах гьабиялъе. Гьеб лъикIаб дарулъун ккола нервабазул унтабазе, палижалъ ккуразе, гьурмал нервалъул параличалъе ва рищалабазул унтабазе. Гьелъул махIалдаса хIинкъула туберкулезалъул бактериялги.**



Лавралъул тIамах гъорлъ гьализабураб лъим хIалтIизабула ургьисалазулъа ганчIал инариялъе.

Гьеб хIадурула гьадин: ункъощуго тIамах хIарила, гьелда тIаде тIела цо стакан гьалараб лъел. Цинги гьеб жаниб бугеб цIарагI, цогидаб гьалулеб лъим жаниб бугеб цIарагIалъубеги биччан, 1 5 минуталъ гьализабила. ЦIорозеги тун 12 сагIаталда жаниб дагь-дагьккун гьекъела. ЦинтIаго гIемер гьекъани, гьелъ би чвахххизабизеги бегьула.

Колит сах гьабиялъе кьойида жаниб чанго нухалъ кванда цебе кванала цо грамм лавралъул тIанхил. Гьеб лъикI чIамун лъеда цадахъ кьулчIула. Квачалъ унтидал гIетI базабизеги, чехь гьоройдал, каранзул ва руччабазул унтаби сах гьаризеги гьекъола лъел цо литралде гъорлъе 4-8 лавралъул тIамахги рехун гьабураб чай.

ГIундузда лъикI рагIулеб гьечIони, кумек гьабула лавралъул тIанхил нахуца.

Гьеб хIадурула гьадин: тIанхил 30 граммалда тIаде семечкадул нахул 200 граммги тIун анлъго кьоялъ хинаб бакIалда лъела. Цинги цIвила. Гьеб гIиналда тIаде зама - заманалдасан тIинкIила лъаб-лъаб кьатIра нахул. Гьеб бахина кьунщбуздаги. Лавралъул нахуца кумек гьабула артриталъеги, миозиталъеги, невралгиялъеги, гайморталъеги. Лавралъул нахгун жубазабураб тIокIкIелалъ ургьисалазулъа ганчIал инарула, унти гIодобиччазабула, кванде гьира базабула, кванирукъалъул ва къечIчIалъул хIалтIи лъикIлъизабула. КIочене бегьуларо лавралъул тIанхазул тIокIкIелалъ чехь сваризабулеблъиги.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIарazда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 31 июль 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00